# ЖЕРГИЛИКЛИ МӘМЛЕКЕТЛИК ҲӘКИМИЯТЫ АТҚАРЫЎ ОРГАНЫ СЫПАТЫНДА

Исмаилов Конысбаи Куатбаевич
Қарақалпақ мәмлекетлик университети
https://doi.org/10.5281/zenodo.7184208

Аннотация: Усы мақалада Қарақалпақстан Республикасы жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияттың ҳуқықый тийкарлары, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты органларында нәтийжели қарарлар қабыл етиў мәселелери анализ етилген. Сондай-ақ, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимиятты органлары тәрепинен қабыл етилетуғын норматив-ҳуқуқый ҳүжжетлерине тийисли усыныслар берилген.

Abstract: This article analyzes the legal foundations of local government in the Republic of Karakalpakstan, the issues of effective decision-making in local government bodies. Also, proposals and recommendations were made regarding legal documents to be adopted by local government authorities.

Таяныш сөзлер: жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты органлары, ҳәким, жергиликли кеңес, қарар қабыл етиў системасы, демократия, өзин-өзи басқарыў органлары.

Key words: local government, khokim, local council, decision-making system, democracy, self-government bodies.

Қарақалпақстан Республикасында атқарыў ҳәкимияты Министрлер Кеңеси болып есапланатуғын болса, оннан кейинги бууынларда жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты органлары болып табылады. Мәмлекет ҳәм жәмийеттиң раўажланыўына үлес қосыўда ҳәкимлердиң де өзине тән орны бар. Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият органларын демократиялық принциплер тийкарында қәлиплестириў, солай етип ҳәкимлерди сайлаў системасын жаратыў лазым.

Қарақалпақстан Республикасында жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият органларының ҳуқықый тийкарлары бойынша тийкарғы нызамымыз болған Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы XXI бабында келтирилип өтилген. Соның менен бирге 1998-жылы 29-январдағы «Қарақалпақстан Республикасының жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы

330/I-санлы Нызам болып табылады. Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимиятқа ҳәкимиятлар ҳәм ҳәкимияттың уәкилликли уйымлары киреди.

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 92-статьясында «Ҳәкимлер тәрепинен басқарылатуғын халық депутатларының Кеңеслери

районлардағы ҳәм қалалардағы (районлық бағыныўдағы қалалардан басқа) мәмлекеттиң ҳәм пуқаралардың мәплерине тийкарлана отырып, өз ўәкиллигине тийисли мәселелерди шешетуғын ўәкилликли ҳәкимият уйымлары болып табылады» [1].

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 99-статьясында «Ўәлаятлар, районлар ҳәм қалаларда (районға бағынатуғын қалалардан басқа) ҳәкимлер басшылық қылатуғын халық депутатлары Кеңеслери ҳәкимияттың ўәкиллик органлары болып, олар мәмлекет ҳәм пуқаралардың мәплерин көзлеп өз ўәкилликлерине тийисли мәселелерди шешеди[2].

Конституцияда нәзерде тутылғанындай жергиликли ҳәкимият уйымларының бийлигине тийисли мәселелер төмендегише:

нызамлылықты, ҳуқық тәртибин ҳәм пуқаралардың қәўипсизлигин тәмийинлеў:

аймақларды экономикалық, социаллық ҳәм мәдений жақтан раўажландырыў мәселелери;

жергиликли бюджетти дүзиў ҳәм орынлаў, жергиликли салықларды, жыйымларды белгилеў, бюджеттен тыс қорларды дүзиў;

жергиликли коммуналлық хожалыққа басшылық етиў;

қоршап турған орталықты қорғаў;

пуқаралық ҳалат актлерин дизимге алыўды тәмийинлеў;

Қарақалпақстан Республикасының Конституциясына ҳәм нызамларына қайшы келмейтуғын нормативлик актлерди қабыл етиў ҳәм басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыў болып табылады.

Жергиликли ҳәкимият уйымлары норматив ҳуқықый ҳүжжетлерге өзлериниң мүнәсебетлерин билдире алады. Солардан, Өзбекстан Республикасының нызамларын, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң басқа да шешимлерин, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманларын, қарарларын ҳәм бийликлерин, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарларын ҳәм бийликлерин, Қарақалпақстан Республикасының нызамларын ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң басқа да шешимлерин, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарарларын, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң қарарларын ҳәм бийликлерин турмысқа асырады, республикалық ҳәм жергиликли әҳмийеттеги мәселелерди додалаўға қатнасады.

Жоқарыдағы келтирип өтилгенлер бойынша уйымлардың өз ўәкилликлери шеңберинде қабыл еткен шешимлери төменги

уйымлардың орынланыўы ушын миннетли болып есапланады. Халық депутатлары Кеңеслериниң ҳәм ҳәкимлердиң ўәкиллик мүддетлери 5 жыл етип белгиленген. Тийисли аймақта районның, қаланың ҳәкими ўәкилликли ҳәм атқарыў ҳәкимиятын басқарады.

Районлардың, қалалардың ҳәкимлери ҳәм олардың орынбасарлары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының усыныўы менен Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы тәрепинен тайынланады, лаўазымынан босатылады ҳәм халық депутатларының тийисли Кеңеслери тәрепинен тастыйықланады.

Районның ҳәм қаланың ҳәкими өз ўәкилликлерин бирден-бир басшылық етиў принциплери тийкарында әмелге асырады және өзи басшылық ететуғын уйымлардың шешимлери ҳәм ҳәрекетлери ушын жеке жуўапкерли болады.

Район ҳәм қала ҳәкими тийисли халқ депутатлары Кеңесине районның, қаланың социаллық-экономикалық раўажланыўының ең әҳмийетли мәселелери бойынша есабатлар береди, олар бойынша халық депутатлары Кеңеси тәрепинен тийисли шешимлер қабыл етиледи.

Ҳәкимлердиң ҳәм халық депутатлары жергиликли Кеңеслериниң жумысын шөлкемлестириў, ўәкилликлериниң көлеми ҳәм халық депутатлары жергиликли Кеңеслерин сайлаў тәртиби нызам менен тәртиплестириледи. Ҳәким өзине берилген ўәкилликлер шеңберинде тийисли аймақтағы барлық кәрханалардың, мәкемелериң, шөлкемлердиң, бирлеспелердиң, сондай-ақ лаўазымлы шахслардың ҳәм пуқаралардың орынлаўы ушын миннетли болған шешимлер қабыл етеди.

«Районда, қалада атқарыў ҳәкимиятын ҳәким басқарады. Ҳәкимниң биринши орынбасары ҳәм орынбасарлары болады, олардың санын Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси белгилейди. Район, қала ҳәкиминиң биринши орынбасарлары, орынбасарлары Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы тәрепинен лаўазымға тайынланады ҳәм босатылады, соңынан қабыл етилген шешим халық депутатлары районлық, қалалық Кеңесиниң тастыйықланыўына усынылады. Ҳәкимниң орынбасарлары ҳәким тәрепинен белгиленген ўазыйпаларға муўапық жумыс алып барады. Ҳәким болмаған жағдайда ямаса ол өз миннетлемесиндеги ўазыйпаларды орынлаў имканиятына ийе болмаған жағдайда оның ўәкилликлерин биринши орынбасары яки ҳәкимниң тапсырмасы бойынша оның орынбасарларының биреўи алып барады. Ҳәким, оның орынбасарлары, ҳәкимликтиң басқа хызметкерлери

ҳәм ҳәкимият уйымларының лаўазымлы шахслары ҳақы төленетуғын басқа да лаўазымды ийелеўи мүмкин емес»[3].

Мәмлекетимизде жергиликли ҳәкимият реформасын өткериўде басқа мәмлекетлердиң тәжрийбесин көр-көрана көширип алмай, ал аймақтың өзине тән шараятлары ҳәмде дәстүрлерин есапқа алған ҳалда әмелге асырылды. “Республикамызда атқарыў уйымлары системасын жетилистириў, олардың абыройын күшейттириў шараларын көриўде мәмлекетшилигимиз тарыйхына, миллий дәстүрлерге айрықша итибар берилди”[4].

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 28-январьдағы «2022-2026-жылларға белгиленген жаңа Өзбекстанның раўажланыўы стратегиясы» ПП-60-санлы Пәрманында, «3-мақсет етип, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият органлары искерлигиниң институционал тийкарларын заман талапларына сәйкеслестириў ҳаққында келтирип өтилген:

- Аймақлардағы мәселелерди шешиўде жергиликли ҳәкимликлердиң қаржылық имканиятларын жәнеде кеңейтириў ҳәм ҳәр бир ўазыйпаның орынланыўы, сондай-ақ жумсалып атырған қәржетлер бойынша жәмәәтшилик алдындағы есап бериўшилигин асырыў.
- Жергиликли атқарыў ҳәкимияты органларын демократиялық принциплер тийкарында қәлиплестириў, солай етип ҳәкимлерди сайлаў системасын енгизиўдиң ҳуқықый тийкарларын жаратыў.
- Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият органлары тәрепинен аймақлық атқарыў органларының штат бирлиги ҳәм дүзилмелерин белгилеў әмелиятын басқышпа-басқыш кеңейтириў, аймақларда әмелге асырылатуғын ўазыйпалар бойынша «ўәкилликлер реестрын» қәлиплестириў.
- Жергиликли басқарыў хызметине мәлимлеме технологияларын кең ен жайдырыў, аймақлардың 40 тан аслам, соннан транспорт, инфраструктура, социаллық ҳәм басқа тараўлар бойынша мағлыўматларды жәмлеўши анализли геопорталларын иске түсириў»[5].

Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияттың уәкилликли уйымларының тийкарғы ўазыйпаларын Қарақалпақстан Республикасының «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимиятты ҳаққында»ғы Нызамына муўапық көрип шығатуғын болсақ. Сол нызамның 21-статьясында халық депутатлары районлық, қалалық Кеңесиниң тийкарғы ўазыйпалары белгиленген: - ҳәкимниң усыныўы бойынша аймақты раўажландырыўдың бағдарларын,

районданғы, қаладағы қурылыслардың бас жобасын ҳәм қәделерин тастыйықлаў;

- қала ҳәм районлар бюджетлери дәрамадларының прогнозларын мағлыўмат ушын қабыл етиў;

- қала ҳәм районлар бюджетлерине өзгерислер киргизиў ҳаққындағы қарарларын тастыйықлаў;

- тийисли бюджетлерден қаржыландырылатуғын аймақлық бюджет қаржыларын бөлистириўшилердиң бюджет қаржыларынан нәтийжели пайдаланыўы ҳәмде ерисилген нәтийжелер ҳаққындағы есабатларды тыңлаў;

- районлар ҳәм қалалардың бюджетлерин тийислисинше районлар ҳәм қалалардың ҳәкимлериниң усынысына муўапық қарап шығыў ҳәмде қабыл етиў;

- районлар ҳәм қалалардың бюджетлериниң тийисли дәўирдеги орынланыўы ҳаққындағы есабатларды тийислисинше районлар ҳәм қалалардың ҳәкимлериниң усынысына муўапық қарап шығыў ҳәм тастыйықлаў;

- жергиликли салықлар ҳәм басқада мәжбүрий төлемлердиң ставкаларын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген муғдарлар шеңберинде белгилеў;

- нызамларға муўапық жергиликли салықлар ҳәм басқа да мәжбүрий төлемлер муғдарын белгилеў, жергиликли салықлар бойынша жеңилликлер бериў;

- ҳәкимди ҳәм оның орынбасарларын лаўазымға тастыйықлаў ҳәм босатыў, олардың жумыслары ҳаққында есабатларын, сондай-ақ ҳәкимлердиң районның,қаланың социал-экономикалық раўажланыўының ең әҳмийетли ҳәм актуал мәселелери бойынша есабатларын тыңлаў;

- усы нызамда нәзерде тутылған жағдайларда ҳәкимниң шешимлерин тастыйықлаў;

- халық депутатлары Кеңесиниң Регламентин, турақлы ҳәм басқа да комиссиялары ҳаққында Режесин тастыйықлаў, оларға өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў;

- халық депутатлары Кеңесиниң турақлы ҳәм ўақытша комиссияларын, басқа да уйымларын дүзиў ҳәм сапластырыў, қурамына өзгерислер киргизиў, олардың жумысы ҳаққында есапларды тыңлаў;

- халық депутатларының ўәкилликлерин таныў ҳәм мүддетинен бурын тоқтатыў, нызам менен белгиленген жағдайларда ҳәм тәртипте оларды жуўапкершиликке тартыўға келисим бериў;

- атқарыў ҳәкимияты бөлимлери, басқармалары ҳәм басқа структуралық бөлимшелери басшыларының есабатларын, соның ишинде нызамларға әмел етилиўи, тийисли халық депутатлары Кеңеслериниң шешимлериниң ҳәм турақлы комиссиялардың усынысларының орынланыўы бойынша есабатларын тыңлаў;

- тийисли прокурорлардың есабатларын тыңлаў;

- районлық (қалалық) ишки ислер бөлимлери баслықларының есабатларын тыңлаў;

- тийисли аймақлық районлық (қалалық) әдиллик бөлимлериниң мәлимлемелерин тыңлаў;

- районлық (қалалық) медициналық бирлеспелери, районлық орайлық көп тармақлық поликлиникаларының басшыларының есабатларын тыңлаў;

- халық депутатларының талапларын қараў ҳәм олар бойынша шешимлер қабыл етиў;

- ҳәкимниң Өзбекистан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы нызамларына сәйкес келмейтуғын шешимлерин бийкарлаў;

- ҳәкимниң усыныўы бойынша ҳәкимияттың дүзилисин, штатларын ҳәм хызметкерлериниң мийнет ҳақы қорын тастыйықлаў.

Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеслери бир жылда керинде бир мәрте өз мәжилислеринде, районлараралық, районлық (қалалық) судлары баслықларының тийисли судтың пуқаралар ҳуқықлары ҳәм еркинликлери, сондай-ақ мәкемелер, кәрханалар ҳәм шөлкемлердиң ҳуқықлары ҳәмде мәплериниң суд жолы менен қорғалыўын әмелге асырыўға байланыслы жумысы ҳаққында мәлимлемесин тыңлайды. Халық депутатлары Кеңесиниң шешими Өзбекстан Республикасы Судьялар жоқарғы кеңесине жибериледи.

Халық депутатларының районлық, қалалық Кеңеслери Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының нызамларына муўапық пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплери бойынша социаллық-экономикалық раўажландырыўды, қоршап турған орталықты қорғаўды шөлкемлестириў ҳәм қадағалаў мәселелерин тәмийинлеўде өз ўәкиллигине тийисли басқа да мәселелерди шешеди.

Районлық ҳәм қалалық әдиллик бөлимлери баслықларының мәлимлемелерин тыңлаў: районлық ҳәм қалалық әдиллик бөлимлериниң баслықлары ҳәр шеректе халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңеслерине район ҳәм қала дәрежесиндеги мәмлекетлик уйымлар ҳәм

шөлкемлердиң норма дөретиўшилиги жумысы ҳәмде ҳуқықты қолланыў әмелиятының жағдайы ҳаққында мәлимлемесин усынады.

Районлық ҳәм қалалық әдиллик бөлимлери баслықларының мәлимлемесин тыңлаў жуўмақлары бойынша тийисли халық депутатлары Кеңеслериниң шешими қабыл етилип, шешим Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлигине жибериледи.

Районның, қаланың ҳәкими:

– Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Нызамларының ҳәмде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң палаталары, Өзбекстан Республикасы Президенти, Министрлер Кабинети, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, Жоқарғы Кеңеси Президиумы қарарларының, Министрлер Кеңеси ҳүжжетлериниң ҳәм халық депутатлары Кеңеси қарарларының орынланыўын шөлкемлестиреди;

– Жоқарғы Кеңес сессиясында өзине тийисли аймақты раўажландырыў мәселелери бойынша есабатларын бериўи мүмкин;

– қала ҳәм районлар бюджетлеринен аймақлық бюджет қаржыларын бөлистириўшилерге бюджет сораўын дүзиў ушын ажратылатуғын бюджет қаржыларының шекленген муғдарларын қарап шығады ҳәм тастыйықлайды;

– жәмийетлик тәртипти сақлаў, жынаятшылыққа қарсы гүресиў, пуқаралардың қәўипсизлигин тәмийинлеў, олардың ҳуқықларын қорғаў менен байланыслы илажлар көреди, тәбийий апатшылықлар, эпидемиялар ҳәм басқа да айрықша жағдайларда жумысларды шөлкемлестиреди;

– районды, қаланы экономикалық ҳәм социаллық раўажландырыўдың тийкарғы бағдарларын районлық ҳәм қалалық бюджеттиң тийисли жойбарын, сондай-ақ оның орынланыўы ҳаққындағы есабатты халық депутатлары Кеңесине усынады;

– тийисли халық депутатлары Кеңесине районның, қаланың социаллық-экономикалық раўажланыўының ең әҳмийетли ҳәм актуал мәселелери бойынша есабатларды усынады;

– өз орынбасарларын ҳәм атқарыў ҳәкимиятының структуралық бөлимлериниң баслықларын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў ҳаққында шешимлерди халық депутатлары Кеңесиниң тастыйықлаўына усынады;

– ҳәкимлик аппараты бөлимшелериниң басшыларын тайынлайды ҳәм лаўазымынан босатады;

– басшылары тийисли халық депутатлары Кеңеслери тәрепинен лаўазымға тайынланатуғын ҳәм лаўазымнан босатылатуғын атқарыў ҳәкимияты структуралық бөлимшелериниң жумысын қадағалайды;

– атқарыўшы ҳәкимият уйымларының жумысын қадағалайды, олардың есабатларын тыңлайды, хызметкерлерди хошаметлейди ҳәм интизамлық шаралар қолланады;

– халық депутатлары Кеңеси ҳәм ҳәким қабыл еткен ҳәмде шығарған актлерди орынламағанлығы ушын лаўазымлы шахсларды интизамий жуўапкершиликке тартыў ҳаққында нызамда белгиленген тәртипте усыныс киргизеди;

– мәмлекетлик сыйлықлар менен сыйлықлаўға байланыслы илтимаснамаларды көрип шығады ҳәм усыныслар киргизеди;

– республика ҳәм сырт еллерде район ҳәмде қаланың рәсмий ўәкили сыпатында ҳәрекет етеди;

– нызам актлеринде белгиленетуғын айрым салықлар бойынша белгиленген ставкаларға аймақлардың ҳәмде жумысын әмелге асырыў орнының өзгешеликлерин итибарға алған ҳалда пәсейтириўши ҳәм өсип барыўшы коэффициентлерди киритеди;

– пуқараларды қабыллаўды шөлкемлестиреди, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың шағымларын, арзаларын ҳәм усынысларын қарайды;

– турақ жай ийелери ҳәм турақ жайдан пайдаланыўшылар коммуналлық хызметлер төлеми ҳәм мәжбүрий төлемлерди төлеўге байланыслы талапларды қопал рәўиште бузған жағдайларда районлардың, қалалардың ҳәкимлери коммуналлық хызметлер төлеми ҳәм мәжбүрий төлемлерди төлеў бойынша қарызларды өндириў ҳаққында коммуналлық хызмет көрсетиўшилер ямаса жеке турақ жай ийелери ширкетлериниң усынысына муўапық даўа арзалар менен судқа мүрәжат етеди;

– ҳәким жобаластырыў, бюджет, финанс, есап жүргизиў, районның, қаланың меншигин басқарыў, меншиктиң ҳәр қыйлы түриндеги кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, пухаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары менен өз-ара байланыслы ҳәрекет етиў, жерден ҳәм басқа да тәбийий ресурслардан пайдаланыў, тәбиятты қорғаў, қурылыс, транспорт, жол қурылысы  ҳәм байланыс, коммуналлық, саўда, социаллық-мәдений хызмет көрсетиў, халықты социаллық қорғаў, нызамлылықты, ҳуқық тәртибин ҳәм кәўипсизликти тәмийинлеў, пухаралардың ҳуқықларын ҳәм

еркинликлерин қорғаў тараўындағы мәселелерди ҳәмде нызамлар менен белгиленген ўәкилликлерине тийисли басқа да мәселелерди шешеди.

Жуўмақлап айтқанда, ҳәкимлер ҳәм ўәкиллик уйымлары биргеликте нәтийжели қарарларды қабыл етиўде аймақлардағы мәселелерди шешиўде жергиликли ҳәкимликлердиң қаржылық имканиятларын жәнеде кеңейтириў ҳәм ҳәр бир ўазыйпаның орынланыўы, сондай-ақ жумсалып атырған қәржетлер бойынша жәмәәтшилик алдындағы есап бериўшилигин асырыў. Жергиликли атқарыў ҳәкимияты органларын демократиялық принциплер тийкарында қәлиплестириў, солай етип ҳәкимлерди сайлаў системасын енгизиўдиң ҳуқықый тийкарларын жаратыў. Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият органлары тәрепинен аймақлық атқарыў органларының штат бирлиги ҳәм дүзилмелерин белгилеў әмелиятын басқышпа-басқыш кеңейтириў, аймақларда әмелге асырылатуғын ўазыйпалар бойынша «ўәкилликлер реестрын» қәлиплестириў мақсетке муўапық деп есаплайман.

## Әдебиятлар:

1. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы.
2. Өзбекстан Республикасы Конституциясы.
3. Қарақалпақстан Республикасының жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққындағы Нызамы. https://joqargikenes.uz/2942.html.
4. Хусанов О.Т. Ўзбекистон Республикасининг давлат ҳокимияти вакиллик ва ижроия ҳокимияти органлари.Т.:Университет, 1994.-40 б.
5. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «2022-2026-жылларға белгиленген жаңа Өзбекстанның раўажланыўы стратегиясы» ПП-60-санлы Пәрманы, 28.01.22ж.